

• M W E N A K M W E N



LOVEDA ^{OTÉ} MOVIN

Chapit 1 : Mwen pa janm anpè

Mwen: Mwen bouke...

Konsyans: Bouke ak kisa?

Mwen: Avèk tèt mwen. Mwen pa janm anpè.

Konsyans: Ou pa anpè... oswa ou pa janm chita pou w tandè tèt ou?

Mwen: Mwen pa menm konn sa k ap pase avè m. Chak jou mwen santi m lou.

Konsyans: Lou sa a pa toujou nan lavi ou. Li souvan nan sa w ap pote andedan ou.

Mwen: Men ...mwen pa fè anyen ki mal. Poukisa mwen pa santi m byen?

Konsyans: Se pa sèlman sa w fè ki konte. Se sa w ap kenbe an silans tou.

Mwen: Mwen pa kenbe anyen.

Konsyans: Ou kenbe anpil. Ou jis abitye kouri kite sa w santi.

Mwen: Kouri? Mwen pa kouri.

Konsyans: Chak fwa silans vini, ou ranpli li ak bri.

Mwen: Mwen pa ka rete konsa. Lè m rete pou kont mwen, tèt mwen pa sispann pale.

Konsyans: Se paske ou pa janm aprann koute li san w pa pè li.

Mwen: Mwen fatige ak tèt mwen...

Konsyans: Ou pa fatige ak tèt ou. Ou fatige ak batay ou ap fè avè l.

Mwen: E kijan mwen ap fè jwenn lapè?

Konsyans: Ou pa chase li. Ou aprann rete ak sa ki nan ou, menm sa ki pa bèl yo.

Mwen: Sa pa fasil.

Konsyans: Mwen pa janm di li fasil. Mwen di li vrè.

Mwen: Donk kisa mwen dwe fè jodi a? E sim pa rive fèl ?

Konsyans: Jodi a, pa kouri. Pa kache. Rete yon ti tan ak tèt ou, san jijman. Ou deja kòmanse...depi moman ou deside tandem lan.

Chapit 2 : Lè mwen eseye chita

Mwen: Mwen te eseye chita... jan ou te di a. Men sa pa fasil ditou.

Konsyans: E kisa ki pase?

Mwen: Tèt mwen pa trankil. Okontrè, li pi fè bri.

Konsyans: Paske ou finalman sispann kouri devan li.

Mwen: Mwen pa t panse li t ap konsa.

Konsyans: Ou te toujou ap evite moman sa a.

Mwen: Lè mwen rete pou kont mwen, mwen santi m pa byen.

Konsyans: Sa w santi a pa nouvo. Ou jis wap remake li kounya.

Mwen: Donk tout tan sa yo mwen t ap kouri?

Konsyans: Wi. Men ou pa t konn sa.

Mwen: E kisa mwen dwe fè lè sa rive?

Konsyans: Pa chape. Pa kouri mete bri sou li. Rete.

Mwen: Men li difisil... li fè m santi m etranj.

Konsyans: Sa etranj lè se ou k ap rankontre tèt ou pou premye fwa.

Mwen: Mwen pa fin konprann tèt mwen.

Konsyans: Ou pa bezwen konprann tout kounya. Ou jis bezwen rete ak sa ou santi.

Mwen: E si sa vin twòp pou mwen?

Konsyans: Lè sa rive, respire. Pa goumen ak li. Jis pase atravè li.

Mwen: Donk lapè a se pa kouri?

Konsyans: Non. Lapè a se aprann rete menm lè pa gen trankilite.

Chapitre 3 : Mwen pa konnen kiyès mwen ye

Mwen: Depi mwen kòmanse chita jan ou di a... mwen pa santi m pi klè. Okontrè, mwen vin plis konfonn.

Konsyans: Sa nòmal. Ou pap chape ankò, se sa ki fè tout bagay monte.

Mwen: Men mwen te panse sa t ap ede m jwenn lapè.

Konsyans: Lapè pa vini avan verite. Li vini apre.

Mwen: Verite? Mwen pa menm konnen kiyès mwen ye ankò.

Konsyans: Se paske ou te viv lontan ap suiv lòt moun plis pase tèt ou.

Mwen: Sa fè m santi m vid.

Konsyans: Vid la se espas kote ou ka rekòmanse bati tèt ou.

Mwen: Donk mwen pa pèdi?

Konsyans: Non. Ou nan moman kote ou ap dekouvri sa ki pa t ou.

Mwen: E sa mwen ye vre a, kijan m ap jwenn li?

Konsyans: Pa fòse li. Obsève ou menm chak jou, san jijman.